# bu kenn ci yéen duggee ci jàkka na julli ñaari ràkka bala moo toog

Jële nañu ci Abuu Xataadata As-Sulamii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «bu kenn ci yéen duggee ci jàkka na julli ñaari ràkka bala moo toog».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day ñaax ku dugg ci jàkka waxtu wu mu man a doon, ak yitte ju ko man a waral, mu julli ñaari ràkka balaa toog, ñuy ñaari ràkkay nuyu jàkka ji.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee